

Imirwi ya FEMA ijejwe gutabara abashikiwe n'ibiza ifasha ababa muri Vermont mu nyuma y'Ibihuhusi n'imyuzure bikomeye kw'itariki 29-31 Mukakaro 2024

Release Date: September 27, 2024

Williston, Vt. – Abanyagihugu bo muri Vermont bashikiwe n'ibihuhusi bikomeye, imyuzure, ugutenguka kw'imisozi kw'itariki 29-31 Mukakaro 2024, barashobora guhabwa imfashanyo ya FEMA igenewe umuntu.

Niwaba utuye mu ntara za **Caledonia, Essex, na Orleans** ukaba wagizweko ingaruka n'ikirere kibi cane, ukwiye gusaba vuba bishoboka.

FEMA irashobora gufasha mu bijanye n'uburaro bw'igihe gito, inzu yo gusanura inzu, amabarabara n'ibiraro bwite vy'abantu, hamwe n'ibindi bikenewe bijanye n'ibiza - hamwe n'uko unyaruka gukoresha, ni ko ushobora kuronka imfashanyo vuba.

Hari uburyo bushika kuri bwo gusaba:

- Ja ku rubuga [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov).
- Hamagara FEMA kuri **800-621-3362**.
- Dawunirodinga apurikasiyo yo [muri terefone ya FEMA](#).
- Sura ikigo kijejwe gutunganya ivyangijwe n'ibiza. Kugira umenye ahantu ahantu n'amasaha, raba kuri [fema.gov/drc](https://www.fema.gov/drc).
- Kugira urabe ividewo ivuga ingene wosaba, hamwe n'ururimi rw'ibimenyetso rw'Abanyamerika, raba [FEMA Accessible: Kwiyandikisha mu mfashanyo \(youtube.com\)](#).

Zirikana ko ibihuhusi bikomeye n'imyuzure vyabaye kw'itariki 29-31 Mukakaro bitandukanywa n'ibihuhusi bikomeye vyo kw'itariki ya 9-11 Mukakaro 2024.



FEMA

Page 1 of 2

Ku makuru aheruka [sura 4826 | FEMA.gov](#). Kurikira FEMA kuri X kuri <https://x.com/femaregion1> no kuri facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2